



Pou Piblikasyon Imedya: 9/1/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INISYATIV POU EDE MOUN NAN CHAK KOMINOTE
DEVLOPE AK PWOSPÈRE NAN NEW YORK**

*Pwopozisyon nan Diskou sou Sitiyasyon Eta a pral soutni Nouyòkè ki gen
andikap yo grasa entegrasyon, anplwa ak opsyon pou yo viv otonòm*

*Nouvo angajman anvè endijèn Premyè Nasyon yo, ki gen ladan Finansman pou
Swen Dantè*

*Kontinye lidèchip New York nan dwa repwodiktif yo grasa pwoteksyon done prive
pou founisè avòtman yo*

Ranfòse swen sante mantal pou veteran yo

*Mize sou eritaj New York kòm yon refij pou Nouyòkè LGBTQ+ ak TGNCNB yo
grasa nouvo investisman nan mendèv ak nan swen sante*

Mete plis Responsab an Chèf pou Divèsite nan tout ajans eta yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse nan diskou sou Sitiyasyon Eta 2024 li a yon seri mezi pou ede Nouyòkè ki soti nan tout kominote yo devlope ak pwospere. Mezi sa yo gen ladan bay Nouyòkè ki gen andikap yo plis sipò grasa entegrasyon, anplwa ak opòtinite pou yo viv otonòm; pran nouvo angajman pou soutni nasyon endijèn yo, pran mezi pou ranfòse pwoteksyon done prive pou founisè avòtman yo ak ranfòse sèvis yo pou Nouyòkè LGBTQ+ ak TGNCNB yo; epi bay veteran Eta New York yo plis sipò ak plis rekonesans. Seri mezi ak pwopozisyon global sa yo mize sou eritaj Gouvènè Hochul nan ankouraje yon anviwònman enklizif toupatou nan Eta epi li pral gen ladan mezi pou ogmante kantite Responsab an Chèf pou Divèsite yo ak fòmasyon nan ajans eta yo pou pwomouvwa divèsite, ekite ak enklizyon.

"Prèske tout gran mouvman enpòtan pou jistis sosyal yo te kòmanse nan New York – soti nan Seneca Falls rive Stonewall. Kontinye eritaj sa a depann de nou," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mezi sa yo pral esansyèl pou asire nou pwoteje, afime ak aksepte tout Nouyòkè."

Pandan de lane ki sot pase yo, Gouvènè Hochul te defann politik ak fè investisman pou soutni fanmi yo ak souleve Nouyòkè ki pi majinalize yo. Li te goumen pou pwoteje aksè a swen avòtman, li te siyen lejislasyon pou fè New York vin yon refij pou jèn LGBTQ+ yo, epi l te kòmanse pwosesis pou enskri yon amandman sou Egalite Dwa yo nan konstitisyon Eta New York la.

Ane sa a, Gouvènè Hochul pral mize sou efò sa yo epi kontinye pran mezi pou asire tout Nouyòkè, kèlkeswa kote yo soti, gen yon chans pou yo reyalize Rèv Ameriken an:

Angajman anvè tout Nouyòkè ki gen andikap yo

Nouyòkè ki gen andikap yo kontinye fè fas a difikilte lè y ap chache viv lavi yo nan fason entegre, jwenn anplwa ki vo lapèn ak aksè a anviwònman ki pèmèt yo viv otonòm. Gouvènè Hochul te pwopoze yon seri politik pou bay Nouyòkè ki gen andikap yo plis opòtinite, pami yo:

- **Pibliye Plan Olmstead pou tout moun ki gen Andikap yo.** An 2024, Konsèy Kowòdinasyon Anviwònman ki Pi Entegre New York la pral pibliye yon plan Olmstead pou garanti tout moun ki gen andikap resevwa sèvis yo nan anviwònman ki pi entegre ki adapte a bezwen yo. Sou direksyon Biwo Responsab an Chèf Andikap la ak nouvo direktè oswa direktis li a, epi apre sansibilizasyon fin fèt nan kominote a, plan sa a pral gen ladan moun ki gen andikap fizik, sansoryèl, devlopmantral ak/oswa entèlektyèl, mantal ak konpòtmantal.
- **Soutni aksè nan travay.** Kantite anplwa pou moun ki gen andikap yo byen lwen dèyè kantite pou popilasyon jeneral la. Kantite moun k ap travay an mwayèn nan New York rete pi ba pase kantite mwayèn nan Etazini avèk 36.9 pousan (an 2021) moun ki gen andikap k ap patisipe nan mendèv la, an konparezon ak 73.8 pousan moun ki pa gen andikap. Pousantaj povrete pami Nouyòkè ki gen andikap ki nan laj pou yo travay plis pase doub kantite ki pa gen andikap yo. Pou simonte defi sa a, Gouvènè Hochul pral pibliye yon Dekrè Egzekitif k ap dekri angajman New York pran pou vin yon Eta Ki Met Anplwa an Premye, kote gen plis moun ki gen andikap k ap travay. Dekrè Egzekitif la pral ede simonte defi sa a pandan l ap mize sou Dekrè Egzekitif 31 li te siyen an 2023 ki te dekri angajman New York pran pou vin yon anplwayè modèl pou moun ki gen andikap yo.
- **Soutni aksè nan anviwònman pou moun viv pi otonòm.** Ane sa a, Gouvènè Hochul pral pousiv lejislasyon tou ki pral agrandi anplè travay pwofesyonèl k ap bay sipò dirèk yo kapab fè, sa k ap pèmèt plis moun ki gen andikap devlopmantral yo rete nan oswa fè tranzisyon al nan anviwònman kote yo ka viv pi otonòm ak diminye depandans sou anviwònman rezidansyèl ki sètifye yo. Sa pral lakoz gen plis enklizyon nan kominote a epi l ap amelyore rezilta pèsònèl yo. Aktyèlman la, pwofesyonèl k ap bay sipò dirèk yo ki nan anviwònman ki pa sètifye yo, tankou nan pwogram otojesyon nan Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantral yo, ka sèlman fè kèk travay swen enfimye anba sipèvizyon

yon enfimye/è otorize, sa ki mete yon fado initil sou moun ki gen andikap devlopmantral yo ki ta renmen viv nan fason ki pi otonòm epi ki pa twò bezwen anpil sipò swen enfimye regilyèman.

Pran angajman anvè Nasyon Endijèn yo

Kominote Endijèn New York la kontinye fè fas a pwoblèm sante, reprezantasyon, ak edikasyon. Pou rezoud pwoblèm sa yo, Govènè Hochul pral:

- **Ranfòse estabilite fanmi Endijèn yo.** Lwa sou Byennèt Timoun Endyen 1978 la (Indian Child Welfare Act, ICWA) se yon lwa federal yo te pwomilge pou pwoteje meyè enterè timoun Amerendyen yo ki nan pwosè pou deside lagad timoun. Lwa a te parèt kòm yon repons a pousantaj dispwopòsyone otorite lekòl rezidansyèl pansyon ak otorite leta yo te retire timoun Amerendyen yo lakay yo, nan kominote yo, ak nan Nasyon Endijèn yo. Ane sa a, Sekretè Adjwen pou Premyè Nasyon New York la ak Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi an, nan kolaborasyon ak otorite ak enstans konsène Nasyon yo, pral elabore estrateji pou ranfòse objektif Lwa sou Byennèt Timoun Endyen yo, pandan y ap mete aksan sou angajman New York pran pou repare enjistis ki te enflije sou kominote Endijèn yo.
- **Fon pou swen dantè pou Endijèn Premyè Nasyon yo.** Ane sa a, Gouvènè Hochul pral soutni finansman asirans pou swen dantè pou Endijèn Premyè Nasyon yo, pou konble eka yo ak rann li pi fasil pou yo jwenn aksè a swen dantè. Konplikasyon maladi nan bouch ak dan yo afekte kominote Amerendyen yo nan fason dispwopòsyone – kote granmoun Amerendyen yo ap chache swen ijans nan yon pousantaj ki twa fwa edmi plis pase mwayèn nasyonal la. Finansman sa a pral ede asire biwo ak founisè swen dantè Premyè Nasyon yo ka ofri tretman sou plas san yo pa oblije refere pasyan yo al pran swen deyò ak lwen tèritwa Premyè Nasyon yo.
- **Reponn a reprezantasyon ofansan yo.** Pou garanti tout Nouyòkè santi yo byenveni nan Kapitòl Eta a, Gouvènè Hochul pral kòmanse yon egzamen global tout reprezantasyon atistik pèp Endijèn yo nan Kapitòl la, kote l ap envite reprezantan ki soti nan chak nan nèf Nasyon Endijèn yo vin patisipe. Tout Nouyòkè ta dwe santi yo byen akeyi ak respekte yo lè y ap vizite Kapitòl la, men malerezman, imaj ofansan ak reprezantasyon dezagreyab popilasyon yo nan atizay ki dekore bilding Kapitòl la ka alyene vizitè yo. Se presedan ki date depi plis pase katreven lane ki enfòme evalyasyon reprezantasyon atistik pèp Endijèn yo nan fason ki ofansan, epi sitou lefèt ke yo souvan reprezante pèp Endijèn yo, nan zèv atistik nan yon fason ki reflekte estereyotip rasyal danjere epi ki glorifye vyolans kont pèp Endijèn yo. Reprezantasyon sa yo pa reflekte prensip Eta New York yo.

Jou jedi 4 janvyè a, Gouvènè Hochul te prezante yon pwopozisyon ki nan Diskou sou Sitiyasyon Eta 2024 li a [ki bay yon plan konplè ki gen sis pwèn pou konbat mòtalite matènèl ak tibebe nan New York](#). Estatistik CDC te pibliye resaman yo te revele yon

ogmantasyon nan mòtalite tibebe – pou premye fwa depi de deseni. Pou reponn a kriz sa a, Gouvènè Hochul te entwodui deseri nouvo politik ak lejislasyon pou bay plis aksè a bonjan kalite swen prenatal, redui pri yo pou manman ak fanmi yo, goumen kont depresyon apre akouchman ak soutni tibebe yo pandan premye mwa yo nan lavi yo.

Soulaje fado ak enkyetid sou pwoteksyon done prive pou founisè avòtman yo

Gouvènè Hochul pral bay Depatman Sante a lòd pou yo modènize teknoloji pou fè rapò elektwonik pou ka kote moun vle mete fen nan gwosès yo pou elimine replikasyon enfòmasyon nan papye pou pase a fòmilè elektwonik ak ofri pwoteksyon pou enfòmasyon sansib ki konsène avòtman yo.

Depi lè yo te anile pwosè *Roe v. Wade la*, Gouvènè Hochul te chache asire Eta New York rete yon refij sennesof pou sila yo ki bay oswa k ap chache swen pou avòtman. Nan kad bidjè ane pase a, Gouvènè Hochul te anonse kokennchenn mezi pou pwoteje aksè pou swen avòtman, ki gen ladan ogmante pousantaj ranbousman Medicaid, mete plis pwoteksyon done pou pasyan k ap chèche swen sante repwodiktif yo, mande konpayi asirans prive yo pou kouvri medikaman ki pwovoque avòtman yo lè yo preskri nan fason ki pa prevwa sou etikèt la, epi bay 100.7 milyon dola nan nouvo finansman pou sipòte founisè avòtman ak swen sante repwodiktif yo. Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon tou pou pèmèt famasyon yo bay kontrasepsyon san preskripsyon ak yon pwojè lwa pou asire tout kolèj ak inivèsite piblik nan sistèm SUNY ak CUNY yo ofri aksè pou jwenn medikaman ki pwovoque avòtman.

Soutni veteran New York yo

Gouvènè Hochul pral agrandi angajman inebbranlab Eta a pran anvè veteran New York yo lè l ranfòse pwoteksyon ak sipò pou veteran New York yo. Pami mezi li pwopoze yo genyen:

- **Devlope yon kat pou pòch pou founisè k ap sèvi veteran yo.** Anpil pwofesyonèl medikal bay veteran yo swen sante ki enpòtan, men yo souvan manke fòmasyon oswa sansibilizasyon parapò ak konpetans kiltirèl militè ki kapab esansyèl pou entèraji ak pran swen veteran yo nan fason ki efikas. Pou ede konble eka sa a, Depatman Sèvis Veteran yo (Department of Veterans' Services, DVS) – nan kolaborasyon ak delegasyon New York nan Defi nasyonal Gouvènè a pou Anpeche Suisid Pami Manm Lame, Veteran, ak Fanmi Militè yo – pral elabore yon "kat pou pòch" k ap gen ladan enfòmasyon pwofesyonèl medikal yo ta dwe konnen lè y ap travay ak yon pasyan ki veteran. Apresa y ap kapab pataje kat sa a ak pwofesyonèl medikal yo toupatou nan eta a pou ede amelyore entèraksyon yo ak rezilta sante yo pou pasyan ki veteran yo nan New York.
- **Soutni sante mantal veteran fanm yo.** Eta New York gen plis pase 62,000 veteran fanm k ap viv ladan, epi popilasyon veteran fanm sa a se seksyon k ap ogmante pi rapid nan kominote veteran Etazini an, epi yo prevwa l ap vin 15 pousan total la apati 2035. Men, veteran fanm yo fè fas a pousantaj suisid ki dispwopòsyone an konparezon ak ni fanm ki pa

veteran yo ak ni kòlèg veteran gason yo. Pou ede reponn a bezwen sante mantal veteran fanm New York yo genyen yo, Depatman Sèvis Veteran yo pral kolabore avèk ajans patnè yo ak enstans ki konsène yo pou kreye yon bwat zouti ki espesyalize ak pwogram fòmasyon ki konsantre sou fason pou bay veteran fanm yo sipò sante mantal. Yo pral mete materyèl sa yo disponib pou konseye avantaj veteran yo, ajan sèvis veteran yo, Òganizasyon Sèvis Veteran yo toupatou nan Eta a ki bay veteran fanm yo sèvis dirèk nan New York.

- **Kreye Santye Istwa Veteran Fanm nan Tout Eta a.** Pou onore eritaj ekstrawòdinè veteran fanm yo nan istwa New York, Depatman Sèvis Veteran (DVS) pral devlope yon Santye Istwa Veteran Fanm nan Tout Eta a. Sou òganizasyon DVS, avèk kontribisyon istoryen, chèchè, Òganizasyon Sèvis Veteran yo nan konte ak vil yo, ak ajans sèvis veteran lokal yo, Santye Istwa Veteran Fanm lan pral montre sit ak istwa ki mete aksan sou kontribisyon fanm yo nan sèvis militè pandan tout istwa Eta New York.

Bay plis finansman pou devlopman mendèv ak fòmasyon pou Nouyòkè TGNCNB yo

Gouvènè Hochul pral pwopoze pou ajoute 1 milyon dola anplis sou Fon pou Byennèt ak Ekite Transjan ak Non-Binè Lorena Borjas la (Lorena Borjas Transgender and Non-binary Wellness and Equity Fund, TWEF) pou soutni pwogram devlopman mendèv ki sible transjan, moun ki pa konfòme ak jennda, ak non-binè yo (transgender, gender non-conforming, and non-binary, TGNCNB). Finansman sa ap fèt pou reponn a Rapò sou Travay ke Depatman Travay Eta New York la te pibliye resaman, ki te souliye plizyè obstak ki anpeche Nouyòkè TGNCNB yo jwenn ak kenbe travay yo, soti nan mank aksè a opòtinite fòmasyon rive nan eksperyans diskriminasyon nan pwosesis anbòch la ak nan espas travay yo.

An 2022, Gouvènè Hochul ak Asanble Lejislatif la te tabli TWEF kòm yon etap enpòtan y ap pran pou soutni kominote TGNCNB a ak abòde disparite ki genyen nan aksè a pwogram ak sèvis enpòtan yo. Bidjè yo adopte pou ane fiskal FY 2023 a te genyen 3 milyon dola finansman ladan pou soutni inisyativ sa a, epi an 2023, Gouvènè Hochul te anonse 1 milyon dola anplis pou finance efò prevansyon suisid kay jèn yo pou agrandi TWEF, ansanm ak 5 milyon dola pou finance pwojè lojman pou granmoun aje k ap afime jennda yo ki soutni moun TGNCNB.

Ranfòse aksè a swen afimasyon jennda pou Nouyòkè TGNCNB

Pou asire moun TGNCNB yo ka jwenn aksè a pi bon kalite swen afimasyon jennda nan New York epi mete swen sa sou menm liy ak vizyon TWEF la, Gouvènè Hochul pral bay Depatman Sante a lòd pou yo modènize egzijans Medicaid Eta New York yo pou mete yo sou menm liy ak vèsyon Estanda Swen ki pi resan pou Sante Moun Transjan ak Divès Idantite Jennda, k ap retire barye initil ki anpeche yo jwenn swen afimasyon. Anplis, Biwo Sante Mantal la pral konsilte Depatman Sante ak Sèvis Finansye a pou yo pibliye nouvo gid pou asire konpayi asirans komèsyal yo modènize kritè bezwen

medikal yo pou enkòpore vèsyon Estanda Swen ki pi resan pou Sante Moun Transjan ak Divès Idantite Jennda yo nan plan asirans yo.

Moun transjan ak divès idantite jennda yo souvan fè fas ak defi ak baryè ki anpeche yo jwenn aksè a sèvis sante ak afimasyon ki nesèsè epi yo konfwonte pi move rezilta sante pase popilasyon jeneral la. Asire moun TGNCNB yo jwenn aksè a swen afimasyon jennda ap amelyore rezilta yo pou sante mantal ak sante fizik. Eta New York te yon lidè nan ofri aksè a swen sa yo depi byen lontan, epi tank gen plis eta toupatou nan peyi a k ap pran mezi pou redui aksè, li enpòtan pou Eta New York reyafime angajman nou pran pou n asire moun TGNCNB yo ka jwenn swen afimasyon yo bezwen nan eta nou an.

Ranfòse konpetans kiltirèl LGBTQ+

Pou ofri founisè kle yo plis opòtinite pou yo resevwa fòmasyon konpetans kiltirèl LGBTQ+, pou lapremyè fwa Biwo pou Éd Tanporè ak pou Andikap la pral mete fòmasyon sou konpetans kiltirèl LGBTQ+ li a disponib pou founisè sèvis sosyal lokal ki sou kontra yo toupatou nan eta a epi nou pral kontinye ankouraje tout anplwaye depatman sèvis sosyal lokal yo suiv fòmasyon an. Asire plis Nouyòkè konprann eksperyans moun LGBTQ+ yo epi santi yo alèz pou yo itilize langaj respektye an rapò ak kominote LGBTQ+ la se yon etap enpòtan nan direksyon pou redui ensidan patipri oswa diskriminasyon yo pèsevwa, sitou nan anviwònman kote moun LGBTQ+ yo ap chache jwenn aksè a sèvis oswa avantaj ki enpòtan yo.

Mete plis Responsab an Chèf pou Divèsite nan tout ajans eta yo

Pou ranfòse ak ogmante kapasite pou divèsite, ekite ak enklizyon toupatou nan mendèv Eta New York la, ak asire New York ap trase egzanp lan pou lòt yo, Gouvènè Hochul pral bay ajans ki sou kontwòl dirèk branch egzekitif la ki gen plis pase 300 anplwaye aplentan, lòd pou yo anboche yon Responsab an Chèf pou Divèsite oswa lòt pòs ekivalan ki dedye aplentan pou fè travay anrapò ak divèsite, ekite ak enklizyon si ajans lan poko gen youn deja. Anplis, Gouvènè Hochul pral bay Biwo Relasyon Anplwaye yo lòd, an kolaborasyon ak Biwo Divèsite ak Enklizyon Gouvènè a, pou yo elabore fòmasyon DEI pou tout anplwaye Eta yo epi Depatman Sèvis Sivil la, an kolaborasyon ak Biwo Gouvènè a, pou yo elabore ak bay fòmasyon kont rasis.

Rechèch te montre ke espas travay ki divèsifye ak enklizif yo bay plis ranman pase lòt espas parèy yo, epi yo jwenn plis siksè nan rekritman ak kenbe talan, epi yo pi inovan ak pi kapab rezoud pwoblèm yo, epi anplwaye yo gen plis satisfaksyon nan travay yo ak plis angajman anvè òganizasyon an. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, New York te fè anpil pwogrè pou vanse divèsite, ekite ak enklizyon. Men, gen anpil travay ki rete pou n fè ankò pou asire mendèv sektè piblik eta a reflekte divèsite New York ak favorize enklizyon ak ekite pou tout moun.

###